

Ou Bezwen Enskri? Chanje Pwotèksyon Fanmi An? Anile Benefis ou yo?

Enskripsyon Jeneral pou Asirans se lè pou mete tout benefis ou yo ajou pou 2026. Tout chanjman yo ap antre an vigè 1ye Janvyè 2026.

Kisa mwen bezwen fè? Apati 3 Nov, rantr nan Infor epi klike sou “Benefits”. Konplete pwosesis lan nan Infor anvan fen jounen **24 Novanm lan**. Ou pa p chanje benefis ou? Li toujou enpòtan pou revize pwoteksyon w chak ane epi konplete pwosesis lan. Si w pa aji, benefis ou genen kounye a, ap kontinye pou nouvo ane a. Resous Imèn ak founisè benefis nou yo ap disponib an pèsòn nan tout pwopriyete nou yo; tanpri gade orè a sou do papyè a.

Kisa Ki Nèf pou 2026?

- **Mizajou Pri Plan Sante:** Yon evaliyasyon fèt chak ane sou pri asirans sante chak semèn nan. Pri swen sante ki pi wo yo lakòz nesesite pou ogmante pri yo. Baze sou ogmatasyon pri yo pandan plizyè dènye ane yo, pri yo pou 2026 lan ogmante. Nouvo pri plan sante yo pibliye nan Gid Benefis 2026 lan epi ou ka wè yo pandan wap konplete Enskripsyon Jeneral pou Asirans nan Infor.
- **GuidanceResources®:** Pwospere nan travay ou ak nan lavi pèsònèl ou avèk nouvo Pwogram Asistans pou Anplwaye nou an. Konseye yo disponib pa telefòn nenpòt lè, lajounen kou lanwuit, pou ba w sipò w bezwen an, lè w bezwen l lan. Anplwaye ak moun nan kay la resevwa wuit sesyon konsèy gratis chak ane, pou chak moun, pou chak bezwen. Yo bay asistans tou pou bezwen famiyal, swen, finansye ak bezwen legal. Rele 888-355-6216 oswa vizite www.guidanceresources.com Web ID: Rosen, a pati 1ye Janvyè.

Enpòtan: Apati 1ye Janvyè, pwoteksyon EAP avèk Optum ap fini. Si w gen yon otorizasyon pou yon konseye Optum EAP, asire w rele GuidanceResources 1ye Janvyè ou apre pou jwen yon nouvo otorizasyon.

- **Asirans pou bèt kay:** Chèche yon ti trankilite lespri – asirans ap diaponib pou zannimo! Nap prezante nou gwoup asirans PetPartners pou chen ak chat, kap disponib nan dediksyon nan chèk travay ou. Apran plis epi enskri la: portal.independenceamerican.com/login. Konekte avèk prensipal imèl adrès ou itilize pou Infor ou a.

Ki kote mwen ka jwen enfòmasyon sou benefis nou yo?

Vizite seksyon Benefis lan nan app Infor ou oswa ale nan sit entènèt mobil nou an pou jwen aksè fasil nan rezime benefis yo ak Gid Benefis 2026 lan. Sere lyen sa a: <https://preparebenefits.live/rosen>

Skane la



Sonje: Ou pa ka fè chanjman nan opsyon pwoteksyon benefis anvan taks ke w genyen yo nan oken moman apa ke nan peryòd Enskripsyon Jeneral pou Asirans, sof si w ta gen yon “Chajman Sitiyasyon Fanmi Kalifye.” Chanjman yo dwe fèt nan lespas 31 jou apre evènman la vi a.

Siyen dokiman sa a epi retounen pati anba a bay Resous Imèn.

Enskripsyon Jeneral pou Asirans ap kòmanse 3 Novanm rive 24 Novanm 2025. Se sèl moman pandan ane a pou enskri, anile oswa chanje pwoteksyon. Dènye enfòmasyon sou Benefis yo kominike nan avi sa a, pa email, ak pa lapòs U.S. pa kat postal.

Mwen rekonèt mwen te resevwa enfòmasyon ki anwo dokiman sa a konsènan Enskripsyon Jeneral pou Asirans, Rezime Gid Benefis ak Pwoteksyon ki tache a, ak avi plan anyèl ki obligatwa yo.

Siyati: _____ Dat: _____

ORÈ ENSKRIPSYON JENERAL 2025

Si wap enskri yon ti moun nan plan sante a, se pou bay yon kopi sètifika nesans lan. Si wap enskri mari oswa madanm nan plan sante a, se pou bay yon kopi sètifika maryaj lan. Ou ka voye dokiman yo nan email sa a benefits@rosenhoteles.com oswa ou ka bay yo nan youn nan lokal sa yo.

DATE	PROPERTY	LOCATION	TIME
OPEN ENROLLMENT BEGINS	Shingle Creek Ops Building	Innovation Room	10 a.m. – 12 p.m.
Monday, November 3	Rosen Shingle Creek	Panzacola H3/H4	2 p.m. – 5 p.m.
Tuesday, November 4	Central Laundry	Breakroom	10 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Centre	Salon 1/2	2 p.m. – 5 p.m.
Thursday, November 6	Rosen Inn Lake Buena Vista	Meeting Room	9 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Plaza	Regency Ballroom	2 p.m. – 5 p.m.
Friday, November 7	Rosen Inn at Pointe Orlando	Magnolia Room	9 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Inn closest to Universal	Palms Restaurant	2 p.m. – 4 p.m.
Monday, November 10	Rosen Centre	Salon 1/2	9 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Inn International	Tamar Room	2 p.m. – 4 p.m.
Tuesday, November 11 (Preschool associates only)	Tangelo Park Preschool	Conference Room	12:30 p.m. – 2 p.m.
	Parramore Preschool		12:30 p.m. – 2 p.m.
Thursday, November 13	Rosen Aquatic & Fitness Center	Conference Room	10:30 a.m. – 11:30 a.m.
	Rosen Inn Lake Buena Vista	Meeting Room	2 p.m. – 4 p.m.
Friday, November 14	Rosen Shingle Creek	Wekiwa 6	9 a.m. – 12 p.m.
	Shingle Creek Ops Building	Innovation Room	2 p.m. – 4 p.m.
Thursday, November 20	Rosen Plaza	Regency Ballroom	9 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Inn at Pointe Orlando	Magnolia Room	2 p.m. – 4 p.m.
Friday, November 21	Rosen Inn International	Tamar Room	9 a.m. – 12 p.m.
	Rosen Inn closest to Universal	Palms Restaurant	2 p.m. – 4 p.m.
*LAST DAY * Monday, November 24	Shingle Creek Ops Building	Discovery Room	12 p.m. – 4 p.m.